# Халық билимлендириў Министри Шерзод Шерматов Қарақалпақстан Республикасы жаслары менен ашық сәўбетлесиў өткерди

Министр ҳәм жаслар ушырасыўында Шерзод Шерматов республикамыз көлеминде www.uzbekcoders.uz порталы арқалы дизимнен өтип, «Бир миллион дәстүрши» жойбары шеңберинде билим алып атырған жаслар ҳаққында өз пикирин билдирди ҳәм усы жойбар шеңберинде ең жақсы нәтийже Қарақалпақстан Республикасындағы мектеп оқыўшылары тәрепинен дизимге алынғанлығын атап өтти.

Image not found or type unknown

Сондай-ақ, бул нәтийжеге ерисиўде алыс аймақтағы мектеплерге шекем интернет тармағының кириб барғанын, оқыўшылардың дәстүрлеўди үйрениўине имкәният жаратылғанлығын ҳәм мектеп жәмәәтиниң мийнетин айрықша атап өтти.

Image not found or type unknown

Халық билимлендириў Министри оқыўшылардың сораўларына жуўап берип, жасларға жаратылған кең имкәниятлар ҳәм олардан үнемли пайдаланыў бойынша өз усынысларын билдирди.

«Министр ҳәм жаслар» ушырасыўында Шоманай районы Халық бидимдендириў бөлимине қараслы 7-санлы улыўма ҳәм орта билим бериў мектебиниң 11-класс оқыўшысы Қаллибекова Динара ең жақсы

усыныс билдиргени ушын Ш. Шерматов тарепинен Ноутбук пенен сыйлықланды.

Шоманай районы ҳәкимлиги мәлимлеме хызмети